दिन—गुरूवार दिनांक—19.09.2024

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

नवादा जिलाक देदौर गाम मे अपराधी सभ महादलित परिवारक एकैस घर मे आगि लगा देलनि। पुलिस अधीक्षक अभिनव धीमान जनौलनि जे प्रथम दृष्टया ई भूमि विवादक मामिला लगैत अछि। ओ जनौलनि जे घटना स्थल पर पुलिसक टीम कैम्प कऽ रहल अछि। एहि मामिला मे अखन धरि दस लोक के गिरफ्तार कयल गेल अछि। एम्हर, अनुसूचित जाति आओर जनजाति कल्याण विभागक मंत्री जनकराम घटनाक निंदा करैत जनौलनि जे दोषी सभक खिलाफ कड़गर कार्रवाई कयल जायत। ओतहि, जदयूक कार्यकारी अध्यक्ष आओर राज्यसभा सांसद संजय कुमार झा जनौलनि जे घटनाक जाँच कयल जा रहल अछि आओर सरकार दोषी सभक खिलाफ कड़गर कार्रवाई करत।

---

विधानसभा मे नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी यादव नवादाक घटना के लऽकऽ राज्य सरकार पर लापरवाहिक आरोप लगौलनि अछि। श्री यादव जनौलनि जे राज्य मे कानून व्यवस्था खराब अछि। ओ अगिलगिक दोषीक खिलाफ शीघ्र कार्रवाई करबाक मांग कयलनि अछि।

---

केन्द्रीय गृह विभागक जनतब पर राज्यक कतेको जेल मे आइ जाँच अभियान चलाओल गेल। बेगूसराय मे जिला पदाधिकारी तुषार सिंगला आओर पुलिस अधीक्षक मनीष कुमारक नेतृत्व मे सघन जाँच अभियान चलाओल गेल। शिवहर मंडल कारा मे सेहो जिलाधिकारी विवेक रंजन मैत्रेयक नेतृत्व मे छापा मारल गेल। ओतहि, बक्सर केन्द्रीय कारा मे जिला पदाधिकारी अंशुल अग्रवाल आओर ए.एस.पी. औचक छापा मारलनि। कारा अधीक्षक सभ के जनाओल गेल अछि जे कैदी सभक बढ़िया ढ़ंग सँ देख—रेख कयल जाय।

---

पड़ोसी राज्य उत्तर प्रदेश, उत्तराखंड आओर झारखंड मे बारिशक कारण राज्य मे गंगा सहित कतेको नदिक जलस्तर बढ़ि रहल अछि। केन्द्रीय जल आयोगक अनुसार गंगा नदिक जलस्तर पटनाक दीघा घाटा, गांधी घाट, हथीदह आओर भागलपुर मे खतराक निशान सँ ऊपर बनल अछि आओर ई बढ़ि सकैत अछि। सोन नदिक जलस्तर पटनाक मनेर मे लाल निशान सँ एक मीटर ऊपर बनल अछि। पुनपुन नदिक जलस्तर पटनाक श्रीपालपुर मे एक मीटर सँ ऊपर बनल अछि, एहि ठाम जलस्तर बढ़ि सकैत अछि। एम्हर, घाघरा नदिक जलस्तर सीवानक दरौली आओर गंगपुर–सिसवन मे बढ़ल अछि। कोसी नदिक जलस्तर कटिहारक कुर्सेला मे बढ़ल अछि जखनकि खगड़ियाक बलतारा मे स्थिर बनल अछि।

———————————————————————

गंगा नदी मे उफान सँ बक्सर, पटना, मुंगेर, बेगूसराय, समस्तीपुर आओर भागलपुरक कतेको क्षेत्र मे बाढिक पानि पसरि गेल अछि। पटनाक दियारा क्षेत्र मे कतेको पंचायत बाढ़ि सँ तबाह अछि। ओतहि, बेगूसरायक कतेको प्रखंडक लोकसभ बाढिक संकट सँ जूझि रहल छथि। एम्हर, समस्तीपुरक विद्यापति नगर, मोहनपुर आओर मोहिउद्दीन नगर प्रखंड मे कतेको गाम मे बाढ़िक पानि सँ लोकसभ तबाह छथि। जान–मालक क्षति के देखैत बाढ़ि प्रभावित क्षेत्र में विद्यालय सभ के बंद कऽ देल गेल अछि।

———————————————————————

राज्य सरकार दरभंगा एम्स के सैंतीस एकड़ सँ बेसी जमीन दऽ देलक अछि। एहि सँ पहिने सरकार एक सय पचास एकड़ सँ बेसी जमीन एम्स के देने छल। राजस्व आ भूमि सुधार विभागक अधिकारीक सूत्रक अनुसार ई जमीन निःशुल्क देल गेल अछि।

———————————————————————

विशेष निगरानी इकाई आय सँ बेसी संपत्ति मामिला मे भारतीय प्रशासनिक सेवाक वरिष्ठ अधिकारी संजीव हंस आओर पूर्व विधायक गुलाब यादव सहित चौदह आरोपी सभक खिलाफ प्राथमिकी दर्ज कयलक अछि। ध्यातव्य अछि जे ईडी संजीव हंस आओर पूर्व

विधायक गुलाब यादवक कतेको ठेकान पर छापा मारि कऽ करोड़ों टाकाक अवैध संपत्तिक खुलासा कयने छल।

————————————————————————————

राष्ट्रीय जाँच एजेंसी एन.आई.ए आइ कैमूर जिलाक भभूआक एक प्रिंटिंग प्रेस मे छापा मारलक। टीम– हार्ड डिस्क, सीसी टीवी कैमराक फूटेज आओर किछु दस्तावेज जब्त कयलक अछि। भेटल जनतबक अनुसार एन.आई.एक टीम प्रिंटिंग प्रेस संचालक सँ पूछताछ सेहो कयल। एम्हर, एन.आई.ए गया जिलाक रामपुर थानाक ए.पी कॉलोनी मे पूर्व विधान पार्षद मनोरमा देवीक आवास पर सेहो छापा मारलक।

————————————————————————————

राज्य सरकार बच्चा सभ के बढ़िया शिक्षा देबाक लेल सभ सरकारी विद्यालयक साल मे दू बेर रैंकिंग करत। ई रैंकिंग हरेक वर्ष नवम्बर आओर मार्च मास मे कयल जायत। शिक्षा विभागक अपर मुख्य सचिव एस. सिद्धार्थ एहि लेल सभ जिला शिक्षा पदाधिकारी के जना देलनि अछि।

————————————————————————————

बिहार कैडरक भारतीय पुलिस सेवाक वरिष्ठ अधिकारी आओर पूर्णियां प्रक्षेत्रक आईजी शिवदीप लांडे पद सँ इस्तीफा दऽ देलनि अछि। ओ अपन सोशल मीडिया अकाउंट पर ई जनतब देलनि अछि।

————————————————————————————

स्वच्छता ही सेवा अभियान मे मुजफ्फरपुरक कांटीक स्वास्थ्य केन्द्र मे एन.टी.पी.सी दिस सँ स्वच्छता अभियान चलाओल गेल।

————————————————————————————

अररियाक जिलाधिकारी अनिल कुमारक अध्यक्षता मे जिलास्तरीय परामर्शदात्री समितिक बैसार मे बैंक सभ मे साख जमा अनुपात, किसान क्रेडिट कार्ड आओर कतेको ऋण योजनाक समीक्षा कयल गेल।

————————————————————————————————

कटिहार अदालत परिसर सँ एक कैदी हथकड़ी काटि कऽ फरार भऽ गेल। ओ मादक पदार्थ तस्करीक आरोपी अछि।

————————————————————————————————

समाप्त